

Kolektif Sitwayen Latibonit Kont Ensekirite

Lèt tou louvri pou Mesye Normil Rameau, Direktè Jeneral Polis Nasyonal la

Objè: Atire atansyon direktè Jeneral la sou nesese pou aji prese prese sou pwoblèm ensekirite a nan departman Latibonit.

M. Normil Rameau, nan biwo l,

Nou menm sitwayen angaje ak òganizasyon nan departman Latibonit ki siyen lèt sa a, salye retou w kòm nouvo direktè jeneral polis la. Nou pran reskonsabilite pou atire atansyon w sou nesese ki genyen pou w pran mezi rapid vit pou abòde pwoblèm sekirite ki genyen nan departman Latibonit la. Yon sityasyon ki paralize departman an nan tout nivo.

Li enpòtan pou nou raple pou ou, depi anviwon 8 ane la a gen yon sityasyon ensekirite jeneralize nan tout peyi a, ki pral transfòme an yon veritab tètè depi 5 dènye ane yo. Gang kriminel pran de (2) pi gwo departman peyi a an otaj. N ap pale de departman Lwès ak Latibonit. Nan Latibonit patikilyèman, gang yo detui lavi nan yon seri komin. Yo touye, yo kidnape, yo vyole, yo detui byen sitwayen yo, fè moun abandone kay yo menm jan sa ye nan departman Lwès la. Depi lè gang Anel Joseph la te fin enstale l nan komin Desalin apati 2018 yo, nou ka di se yon kontajyon ki pran nan departman Latibonit la, nan vale a an patikilye. Nan departman an nou ka enimerer pami gang ki pi fewòs yo e tout moun konnen: **Gang Savyen an ki sitiye nan komin Ti Rivyè Latibonit, Kokorat san Ras ki sitiye Lakwa Peris nan Lestè ki gen yon ramifikasyon gang 5 etwal nan Mapou Lagon ak Ti Bwadòm nan komin Gwomòn, Gang delije nan komin Monwi.** Se pratikman gwoup kriminel sa yo ak lòt ankò nou pa site, ki sènen departman an, ki rive tabli relasyon youn ak lòt san bliye bon jan rapò yo devlope ak gang ki nan departman Lwès la.

Kalite aksyon gang sa yo ap mennen, se pa bagay moun te janm imajine. Gwoup kriminel sa yo, kidnape tout kalite moun. Yo non sèlman mande gwo lajan fanmi yo pa posede, men tou yo soumèt yo ak yon seri maltretans ou pa ta di se gwoup teyoris ki pi danje ki egziste nan yon seri peyi. Gen nan otaj yo, gang yo boule plastik lage sou kò yo, fè yo soufri san manje, jiskaskè yo mouri grangou. Kriminel yo konn fè moun yo peye plizyè ranson epi touye otaj la annapre. Atwosite gang yo ap komèt sou moun yo, mande pou gen yon repons miskle ki bay. Menm enstitisyon la polis la ki la pou trake gwoup kriminel yo pa epanye anba zak sa yo. Nou sonje kijan gang yo touye epi imilye kadav yon seri polisye. 25 janvyè 2023, gen 6 polisye gang Savyen an touye nan komin Lyankou. Yo sezi kadav yo ak tout materyèl yo te gen nan men yo. Depi apre evènman sa a, Komisarya Lyankou a livre menm jan ak Ti Rivyè, pa gen okenn prezans polisye nan zòn nan. Sa ki bay gang nan baryè lib pou opere jan l pito.

Aktivite kriminel sa yo, mete departman Latibonit la ajenu. Yon departman ki se grenye peyi Dayiti. Jodi a, peyizan nan vale a pa ka fè sa yo te konn fè pou yo viv. Kote gang yo pa rive chase moun yo, kriminel yo pran kontwòl dlo ak kanal irigasyon ki pou alimante jaden yo. Sa ki vin ogmante mizè sosyal ak ekonomik ki te deja ap taye banda. Tout wout nasyonal nimewo 1 an anba kontwòl gang. Soti Kanaran, pase Delije, Kafoupèy ak Kokorat san ras nan Lakwa Peris sou Lestè. Lekòl, Lopital, mache piblik... pa rive fonksyone nan anpil komin nan Latibonit la. Tankou Ti Rivyè, Lyankou, Lestè, Monwi. Paske gang yo decide se fini pou yo fini ak lavi nan departman an. Sa ki lakoz peyiz sitwayen yo, nan yon sityasyon pa ka tann. Nan moman n ap ekri nòt sa a, gang Gran Grif la nan Savyen ak Kokorat San Ras nan Lestè fin mande anraje. Yo kontinye ap detui dènye ti rès sa peyizan yo te rete. Mezanmi soufrans la twòp pou moun yo, dwe gen mezi ijan ki pran pou rezoud pwoblèm sa a.

Nou menm sitwayen angaje ak òganizasyon nan departman Latibonit la ki pran inisyativ ekri w lèt tou louvri sa a mesye direktè jeneral, nou vle di w nou konte anpil sou mezi ou pral pran prese prese pou pèmèt lavi reprann nan peyi a ak nan Latibonit an patikilye. Paske se klè, dirijan ki te nan tèt PNH la ak nan DDA Latibonit la pa t janm bay soufrans moun yo regle anyen pou yo. Kri sitwayen yo pa t janm rive nan zòrèy yo. Se vre gen jefò ki te konn fèt sou yon seri DDA pou limite chan daksyon gang yo nan departman an. Nan tèt kole ak popilasyon nan vale a, lapolis te elimine prensipal chèf gang Savyen an Odma. Gen 2 lòt lyetnan ki se Lodè ak Goliath ki ta pral tonbe tou. Jefò sa yo pa kontinye paske lidèchip ki te gen nan pi wo nivo polis la te pito retire direktè departmantal sa yo olye yo te ba yo mwayen pou trake gang yo. Direktè departmantal polis ki la a, mesye **Paul Menard** pa janm fè okenn jefò pou abòde pwoblèm ensekirite a vre. Okontrè, sityasyon an vin pi mal sou li.

Se pou sa nou ekri w lèt tou louvri sa a, pou atire atansyon w sou ijans ki genyen nan ka Latibonit la. Nou vle di w tou travay la pa piti. Chantye sekirite a, se premye kote moun yo ap tann sinyal. E sinyal sa a dwe vini ak premye mezi w ap pran pou pote chanjman nan nivo DDA Latibonit la. Paske nou pa ka konte sou moun ki la yo ki pa t janm manifeste okenn santiman sansibilite pou soufrans moun yo alewè pou yo ta pran mezi pou rezoud pwoblèm nan. Nou kwè pa gen okenn pwoblèm la a lapolis la pa ka rezoud depi gen volonte nan pi wo nivo. Kidonk, nou konte sou devouman w, volonte w a ak reskonsabilite w pou wete Latibonit anba grif kriminel sa yo ki kenbe l nan gòt twò lontan.

Pandan nou espere demach nou an ap atire atansyon w, epi w ap bay suit ak demand nou yo, mesye direktè jeneral, nou salye w patriyotikman nan non zansèt nou yo!

Moun ak òganizasyon ki siyen lèt sila a a:

Ravel NORGAISSE: Sitwayen angaje

Luc Wans DUVALSAINT: Sitwayen angaje

André SAINT-LOUIS, Tech-Agr, Kòdonatè Jeneral Komite Inisyativ pou Lapè nan Balatibonit (KILBA)

Reynald EXANTUS : Sitwayen angaje, Pwofesè inivèsite

Paul André GARÇONNET: Manm direktwa Latibonit kanpe pou Ayiti (LAKAY)

Dorvensley DORMÉUS: Manm Blòk Politik Chimen Klere (BPCKL)

Prévilmond MONT-FLEURY: Blòk Politik Chimen Klere (BPCKL)

Serge DESROCHES : Mouvman jèn Latibonit (MJL)

Junior Boisrond EMMANUEL : Asosyasyon jèn pou devlopman Ba Latibonit (AJDPB)

Nouvelib AYIBOHIO: Atis angaje

Nelio PETIT-HOMME: Mouvman revolisyone pou liberasyon mas yo (MORELIM)

Myrtholet ACCIDE: CHACHOM

Rigaud VELUMAT: Latibonit kanpe pou Ayiti (LAKAY)

Wilguens SAINT-JEAN: Sitwayen angaje , Anseyan

Chesny SÉNAT: Sitwayen angaje, Anseyan

Cauvin PLAISIR: Sitwayen angaje, Ekriven

Donald NOELSAINT: Sitwayen angaje, Ekriven

Max André MERTIL: Sitwayen angaje, Anseyan

Gaby CHARLES : Manm Blòk Politik Chimen Klere (BPCKL)

Jean Noé DESTRA: Konbit Tanbou Pale

James DUPERVAL: Prezidan Lestè Dabò

Max Leventaire SAINT LOUIS: Konbit Sitwayen pou Sekirite Kominotè (KOSEK)

Marc Tilus ESTIMÉ: Konbit Sitwayen pou Sekirite Kominotè (KOSEK)

Combite solidarité pour le développement de Mont-Rouis (CSDM): Jean Pierre FRITZ

Anuel Fortuné: Fòs reyèl Senmak

Regroupement des travailleurs pour le développement inclusif (RTDI): Prospeline JOSEPH MARC

Pou Otantifikasyon :

Ravel NORGAISSE
(+509): 32 12-4151



Paul André GARÇONNET
(+509) 4319-6245



Rigaud VELUMAT
(+509) 4072-1509/ 3111-4219
Email: velumatrigaud@gmail.com



André SAINT-LOUIS, Tech-Agr,
(+509) 4693-5696

